

# KONPANSASYON CHOMAJ ANPLWAYE

Le 29 Avril, 2009, Lejislati Laflorid la pase Senate Bill 810 la, ki otorize Ajans authorizing Agency for Workforce Innovation pou kòmans peye Benefis Konpansasyon Travayè pou moun ki fin o in itilize tout benefis alokasyon regilye yo te genyen yo sou lwa leta ak federal la epi ki satisfè egzijans yo.

Orè ki antisipe pou Pwogram Benefis pwolonje an:

- Notifikasyon ak aplikasyon – kòmans poste le 3 Jen, 2009.
- Peman – kòmansman mwa Jiyè 2009 jiska mwa Desanm 2009.
- Peman pou premye pral genyen ladann yon “sèl vèsman ” pou moun ki reklame ki kalifye yo – nan kòmansman mwa Jiyè 2009.
- Klase kounye a sou entènèt la nan [https://www2.myflorida.com/fluid/eb\\_default.asp](https://www2.myflorida.com/fluid/eb_default.asp) pou pwosesis rapid reklamasyon Benefis Pwolonje.

## **Kisa Benefis Pwolonje vle di?**

Benefis Pwolonje (EB) konpansasyon chomaj adisyonèl benefis (UC) ki peyab pou moun ki kalifye yo lè yon “Peryòd Benefis Pwolonje” rive nan Laflorid. EB la peyab sèlman pou semèn chomaj yo pandan yon peryòd EB. Benefis sa yo diferan pase benefis Konpansasyon (Chomaj Dijans Emergency Unemployment Compensation) (EUC) ki deja disponib la. Lejislati Laflorid la te pase Senate Bill 810 la. Bill sa a genyen yon pwovizyon ladann ki mande pou Workforce Innovation pou kòmans peye EB yo an retwoaktif pou semèn kòmans 22 Fevriye, 2009.

## **Kimoun ki kalifye pou resevwa Benefis Pwolonje?**

Benefis Pwolonje (EB) an disponib sèlman pou moun ki satisfè kondisyon pou kalifikasyon yo padan yon peryòd EB. Sa enkli egzijans pou kalifikasyon adisyonèl ki pa aplike pou UC regilye an. Moun sa yo dwe fin itilize konpansasyon regilye yo te gen pou resevwa yo ak benefis EUC yo an avan yo kapab resevwa EB.

Ou ka elijib pou EB si.

- Ou anplwaye konplètman oswa atan pasyèl.
- Fin itilize tout benefis alokasyon regilye yo ak konpansasyon pou chomaj dijans yo an (EUC) avan 22 Fevriye, 2009 men ane benefis yo an te fini apre Fevriye, 2009.
- Fin itilize tout benefis alokasyon regilye yo ak konpansasyon pou chomaj dijans yo an apre Fevriye, 2009.
- Ou pa kalifye pou benefis konpansasyon chomaj nan okenn lòt eta (ki enkli Pòtoriko, Zile Vyèj Ameriken, Distri Kolonbi) oswa Kanada.
- Ou satisfè tout egzijans Lwa UC ank EB Laflorid la, tankou ou kapab ak disponib pou travay, epi yo pat diskalifye pou resevwa benefis baze sou rezon pa w pou separasyon.
- Ou aktivman ap chèche travay pou chak semèn EB ou reklame epi ou founi dokiman ki bay prèv ou te chèche travay nan fason yo mande an.
- Ou pat refize yon travay yo te ofri w oswa pat aplike pou yon travay apwopriye.

## **Kilè peryòd EB an kòmans?**

The current EB period begins with the week beginning February 22, 2009.

## **Kòmman pou m aplike pou Benefis Pwolonje (EB)?**

Ou kapab aplike pou EB sou entènèt la nan [www.floridajobs.org](http://www.floridajobs.org) oswa lè ou konplete e poste aplikasyon pou EB an nan adrès ki endike sou notifikasyon/aplikasyon ou pral resevwa pa lapòs la.

**Kòmman mwen pral resevwa notifikasyon EB an ak kilè mwen dwe ekspekte pou mwen resevwa premye peman mwen an?**

Nou pral voye yon notifikasyon/aplikasyon pa lapòs pou tout endividi ki gen potansyèl pou kalifye pou resevwa EB pou kite yo konnen kòmman pou klase pou EB. Nou pral poste notifikasyon ak aplikasyon yo kòmans 3 Jen, 2009. Nou antisipe pou kòmans fè peman retwoaktif nan kòmansman mwa Jiyè an.

**Ki premye semèn ki peyab sou EB an?**

Semèn kòmansman 22 Fevriye, 2009 – epi ki fini 28 Fevriye 2009.

**Ki dènye semèn ki peyab sou EB an?**

Semèn kòmansman 27 Desanm, 2009 – epi ki fini 2 Janvyè, 2010 la se dènye semèn ki peyab sou EB an.

**Èske yo pral peye mwen retwoaktif le 22 Fevriye, 2009?**

Nou pral peye benefis retwoaktif EB yo pou semèn kòmans 22 Fevriye, 2009 depi yo satisfè tout egzijans yo.

**Ki dat delè yo kapab etabli nan yon reklamasyon pou EB?**

Semèn kòmansman 27 Desanm, 2009 la epi ki fini 2 Janvyè, 2010.

**Ki montan EB yo pral peye mwen?**

Montan benefis EB chak semèn al pral menm montan benefis ou te fèk resevwa pou reklamasyon regilye/dijans la. Ou kapab kalifye pou jiska 20 semèn EB. Si ou kalifye pou resevwa alokasyon Mendèv Reyajiste (Trade Readjustment Allowances), ou kapab resevwa mwens semèn EB an.

**Kòmman mwen pral reklame semèn pou EB?**

Si Benefis Alokasyon Chomaj sou Ka Dijans (EUC) yo fini avan Jiyè 1, 2009, nou te voye pou ou pa lapòs yon pake ki genyen fòm ak aplikasyon pou ranpli yon reklamasyon retwoaktif EB ak sètifikasyon EB chak semèn yo.

Si ou te klase yon reklamasyon retwoaktif EB sou entènèt la, ou pral genyen opòtinite pou reklame semèn yo pou jiska dat semèn avan ou te fè reklamasyon an. Pou semèn reklamasyon retwoaktif yo apre dat ou te klase reklamasyon w la, ou pral bezwen pou konplete yon Fòm Sètifikasyon EB Pou Reklamasyon Retwoaktif Pa Semèn ou Ajans te voye pou ou epi poste yo pou nou nan dat delè ki make sou fòm yo.

Si ou te klase reklamasyon retwoaktif EB yo apre dat ou pa lapòs, ou pral bezwen pou konplete yon Fòm Sètifikasyon EB Pou Reklamasyon Retwoaktif Pa Semèn ou Ajans te voye pou ou epi poste yo pou nou nan dat delè ki make sou fòm yo.

Lè yo fin etabli reklamasyon retwoaktif EB an, yo pral poste yon Sètifikasyon EB, Fòm UCB-60VEB avèk enstwiksyon sou kòmman pou reklame o pou semèn ki fini 11 jiyè am swa sou entènèt la oswa pa lapòs. Ou pral dwe pou sètifye pou semèn EB ou pa reklame yo nan oswa apre dat eskedil rapò an ki montre sou anlè fòm UCB-60VEB. Lè w ap reklame semèn yo pa entènèt tout semèn ki disponib yo pral parèt yon semèn alafwa. Yo pa montre semèn ou reklame avan yo. Apre en semèn 11 Jiyè fin reklame, nou pral pose Fòm Sètifikasyon EB Pa Semèn UCB-60EB pou ou ak enstwiksyon sou kòmman pou reklame semèn so entènèt la oswa pa lapòs.

Si Benefis Alokasyon Chomaj sou Ka Dijans (EUC) yo fini nan oswa apre Jiyè 1, 2009, nou pral voye pou ou pa lapòs yon pake ki genyen fòm ak aplikasyon pou ranpli yon reklamasyon EB ou an. Lè yo fin etabli reklamasyon retwoaktif EB an, yo pral poste yon Fòm UCB-60VEB avèk enstwiksyon sou kòmman pou reklame sou entènèt la oswa pa lapòs.

### **Kilè mwen ka atann premye peman mwen an?**

Si ou te soumèt aplikasyon semèn retwoaktif EB yo, ou pral resevwa detèminezon kalifikasyon, si ou kalifye, ou pral resevwa yon premye peman pa pi ta pase 24 Jiyè.

Si Benefis Alokasyon Chomaj sou Ka Dijans ou yo fini avan Jiyè 1, 2009 epi ou te soumèt yon aplikasyon EB, ou pral resevwa detèminezon kalifikasyon w la ak fòm pou reklame semèn yo. Si ou kalifye, nou pal peye semèn ki reklame yo nan lespas twa semèn nou resevwa aplikasyon w la.

### **Egzijans peman EB ak Chèche travay yo?**

Lwa EB yo egzije yon revizyon dosye ou kenbe lè w ap chèche travay apre yo notifiye w sou egzijans EB genyen lè w ap chèche travay. Semèn ki fini 7/25/09 e apre sa yo pral egzije yon revizyon dosye ou kenbe lè w ap chèche travay avan yo kapab remèt ou peman an. Yo pral fè pwosesis peman yo lemoman yo fin revize dosye ou kenbe lè w ap chèche travay la.

### **Kòman yo pral peye mwen?**

Nou peye EB swa pa depo dirèk oswa yon chèk. Ou pral kapab kòmanse oswa chanje enfòmasyon bankè depo dirèk la pandan w ap fè reklamasyon w la chak semèn sou entènèt la.

### **E si rezidans mwen se nan yon lòt eta?**

Sa ou pral resevwa yo par baze sou kondisyon EB nan Eta pou abite an.

### **Ki egzijans EB genyen nan chèche travay?**

Ou dwe fè yon efò sistematik e san rete pou kapab jwenn travay pandan chak semèn you reklame EB.

#### **Sa vle di ou dwe genyen omwens de (2) rechèch aktivite pa semèn nan jou separe.**

**NÒT:** Genyen plizyè fason pou chèche travay. Ou kapab kontakte moun ki otorize pou anboche anplwaye potansyèl yo oswa byen swiv pwosesis aplikasyon djòb la egzakteman nan fason anplwayè a te espesifye. Ou kapab patisipe nan kèmmès pou montre travay yo oswa itilize sèvis re-anplwa ki disponib bab lokal Sant Karyè Yon-Estòp. Ou kapab kontakte sal anbochaj sendika w al oswa fè sa tout fè nòmalman nan kominote an ak mache mendèv yo pou jwenn travay. Anplis, re-soumèt rezime w sou entènèt la akseptab Ou pa dwe mete restriksyon sou tèt ou pou sèlman chèche yon sèl aktivite kalite travay.

- Ou dwe founi bon jan prèv sou efò ou fè yo pou chèche travay pandan chèk semèn ou reklame EB an. Sa vle di ou dwe idantifye aktivite rechèch travay ou yo, dat ak metòd aktivite ou itilize yo, ki kalite djòb w ap chèche, ak rezilta yo. Ou dwe founi enfòmasyon sa a sou fòm rechèch travay pou EB an. Ou pral resevwa pa lapòs yon fòm pou de-semèn lè reklamasyon fin etabli epi chak fwa ou reklame yon semèn. Ou dwe kenbe yon dosye egzak ak mizajou sou tout aktivite rechèch pou travay. Echèk pou fè sa pral fè yo denye benefis ou yo.

**NÒT :** Si w anwole nan antrenman nan Akt Mendèv la oswa antrenman ajans la apwouve, ou pa egzije pou chèche travay.

### **Aplike ak Aksepte travay**

Isi pou atann ou pou jwenn travay nan okipasyon w la nan lespas kat semèn, ou pa genyen òf defini nan okipasyon w la avèk yon dat espesifik pou kòmanse, epi ou pa genyen yon dat rapèl espesifik nan men anplwayè w la, ou oblije pou aplike ak aksepte yo lòt kalite travay ou kapab fè:

- Travay la peye omwens salè minimòm Federal la. Nan kòmansman Jiyè, 2009, salè minimòm la pral monte \$7.25 pa èdtan.
- Travay la peye plis pase montan benefis EB a peye pa semèn.

Si ou genyen yon dat defini pou retounen nan travay nan lespas yon semèn, pou pa bezwen pou ale chèche travay ankò. Men, ou dwe mete non konpayi an, adrès ak dat ou pral kòmanse travay la sou fòm rechèch semèn la.

Si ou nòmalmman jwenn yon djòb atravè yon sendika, ou dwe pou kontinye chèche travay apwopriye ki pa pral mete estati sendikal ou an andanje. Sendika an konte pou yon kontak pou djòb. Ou dw3we genyen omwens yon lòt kontak djòb ki gen date separe pou chak semèn ou reklame EB epi founi non kontak rechèch ou yo sou dosye sètifikasyon/travay la.

### **Kòman mwen kapab jwenn èd pou jwenn travay?**

Nou ankouraje w pou kontakte Sèl-Estòp Sant Karyè lokal ou an pou jwenn asistans pou chèche travay. Sèl-Estòp Sant Karyè Laflorid la ofri divès kalite travay ak antrenman tout patou nan eta an. Anplis, ou kapab chèche divès kalite opòtinite pou jwenn travay nan Mache Anplwa Laflorid la (Employ Florida Marketplace) lè w ale nan [www.EmployFlorida.org](http://www.EmployFlorida.org).

### **MIZANGAD:**

#### **Diskalifikasyon espesyal pou EB**

**ENPÒTAN: Si yo diskalifye w pou resevwa EB paske ou pa aplike oswa aksepte travay ki apwopriye, oswa ou pa aktivman, diskalifikasyon an pral rete anefè jiskaske ou vin jwenn travay epi ou te rete nan travay la pou omwens kat semèn diferan epi ou te gen revni ki pa mwens pase kat (4) fwa montan benefis EB pa semèn ou an epi se pat fòt ou ou te vin separe nan travay la.**

**Si ou pat aktivman chèche travay pandan yon semèn, epi ou vle evite yon diskalifikasyon pou semèn sa a ak lòt semèn apre sa jiskaske ou vin reklasifye pou resevwa benefis, ou kapab chwazi pou pa fè okenn reklamasyon pou semèn sa a epi rekòmanse reklamasyon pou benefis EB pou semèn sa a kote ou te aktivman chèche travay. Yo pral ba w opsyon sa a lè ou reklame semèn yo pa entènèt oswa pa lapòs.**

### **Dwa pou Fè yon Apèl**

Nenpòt lè ou resevwa yon detèminezon pou EB, ou genyen menm dwa pou yon apèl nan pwogram regilye UC ak EUC yo. Yo eksplike dwa pou apèl yo sou Tiliv Enfòmasyon Sou Dwa w yo ki sou entènèt la nan [www.fluidnow.com](http://www.fluidnow.com).

### **Penalite yo**

Si ou resevwa EB ou pat kalifye pou resevwa, yo kapab mande pou repeye yo benefis ou te resevwa an. Lwa UC Laflorid la genyen penalite lè ou fè espere ou pa di tout la verite defason pou kapab resevwa benefis yo. Lwa Federal la genyen ladann tou lè ou fè espere ou pa di tout la verite defason epi ou fè fo deklarasyon.

Ou kapab voye kesyon adisyonèl ou genyen sou EB yo pou [uceb@flaawi.com](mailto:uceb@flaawi.com) ou bien rele numero 1-888-896-0091.